Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 45 (78040)
31 Октябрь
Хамиз 2024 сон
sadovoduns@yandex.ry
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «САДОВОД»

Аппаратальул данделъи

## Район-лъабабилеб бакIалда



Гьал къоязда районалъул администрациялда букIана бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь иргадулаб аппараталъулаб данделъи. Гьенир гьоркьор лъуна муниципалитет цебетIезабиялде руссарал кIвар бугел суалал.

Данделъи рагьулаго ГI. НурмухIамамадовас салам кьуна данделъаразе ва лъазабуна мугIрул районазда гьоркьоб нилъер районалъ киналго хIасилазда хурхун лъабабилеб бакI ккунин ва хIаракатал районазде гьоркьобе ккун бук1ин бихьизабунин. Гьес тIадчIей гьабуна щвараб гIарац СВОялда гIахьаллъулезул хъизаназе кьезе бугин. БетIерасул гьеб бихьизабиялъул киназго рахъ ккуна.

Хадуб балагьана Шамильхъала поселокалда жанисеб лъим къачIаялъул ва Унсоколо росдал лъел суалалъухъ балагьизеги бихьизабуна. ГI. НурмухIамадовас хадубги тIадчIей гьабуна гьел суалал тIуразе кколин дуниял квачалелде,-абун.

БетIерасул зам. Ж.Шамсудиновас лъазабуна районалъул школазда унеб бугин хасалоялде хинлъи букIинабиялъе хIадурлъи, цере ругел каникулаздаса хадуб байбихьизе ругин школазда хIалбихьиялъулал ОГЭ, ЭГЭ кьей. Гьединго бихьизабуна зама-заманалдасан хал гьабулин лъималазе хинаб квен кьеялъул суалги,-абун.

Армиялде хъулухъ гьабизе гIолилал ахIиялъул суалалда хурхун бицунаго тIадчIей гьабуна хадурккун хъулухъ гьабизе унел СВОялде ритIизе гьечIин.

- Лъалеб букIахъе нилъер улка данде бахъун буго западалъул улкабаз гьарулел нахъегIанал пишабазде, гьелъ кинабго рахъалъ хIинкъи гьечIолъи букIинабизе ккеялде кIвар буссинабуна хадубги бетIерас.

Гьенибго хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе гьаризесел тадбиразул бицана хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ зам. М. ХIамзатовас.

Данделъиялда бицана неформалияб занябосталъул, захIматалъул гIадлуялъул. Ахиралда ГI. НурмухIамадовас заманги бихьизабун тIадкъаял кьуна жавабияз тIуразе кколел суалазда хурхун.



ДандчIвай

## ЗахIмалъиялда ругел лъималазе



Гьал къоязда районалъул бетIерасул зам Ж.Шамсудиновасул нухмалъиялда гъоркь райадминистрациялда букIана саназде рахинчIел лъималазул рахъалъ ва гьезул ихтиярал цIуниялъул комиссиялъул данделъи. Гьениб опекаялъул квер чIваялъул рахъалъ аслияй специалист Х.Жамалудиновалъ бихьизабуна жиндир заманалда социалияб рахъалъ захIмалъиялда ругел хъизанал тIатинариялъул кIудияб кIвар бугин, киназдаго кверчIваялъе районалда гьарулел хIалтIабазда тIадчIей гьабула гьелъ.

Гьенибго КДНалъул секретарь П. МухIамадовалъ иш тIаде кколел органалгун цадахъ балагьазе чи гьечIел ва захIмалъиялда ругел лъималазе кумек гьабиялъул хIалтIул бицана. Данделъиялда т1адеги рехсарал суалазда хурхун гьабулеб бугеб х1алт1ул бицана МВДялъул ИПДНалъул Унсоколо районалда вугев жавабияв М. Сайпудиновас. Гьенибго районалъул ЦЗНалъул начальник Р. МухIамадовас тIадчIей гьабуна захIматаб хIалалда гIумро гьабулел I3-I4 сон барал лъималазе данде кколеб хIалтIуде гьел ах1изе рес бугин.

Гьенибго данделъиялъул гIахьалчагIаз бихьизабуна хадубкkунги рескъотIуда ругел лъималазе кумекалъе ратизе хIадур ругин.

Данделъи

## Налъаби ккезе тунгутIиялъе

Районалъул администрациялда букIараб данделъиялда гьоркьоб лъуна консолидированияб налогалъул ккараб налъиялъул ва гьеб бецIун рукIалиде ккезабиялъул суал. Гьеб ана районалъул бетIерасул зам. Ж.Шамсудиновасул нухмалъиялда гъоркь.

Гьединго данделъиялда гIахьаллъана бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдухаликъов, районалъул школазул директорал, школалъул гIумроялде рахинчIел учреждениязул, тIадеги лъай кьеялъул организациязул нухмалъулел, районалъул лъай кьеялъул отделалъул хIалтIухъаби.

Данделъиялда Хъ-М. ГIабдухаликъовас бихьизабуна налог бецIизе рес бугин I5 ноябралде щвезегIан,-абун, «ДЮСШ» МК ДОУялъул нухмалъулев ХI. ГIабдулаевас, «Ромашка» ясли-ахалъул зав. М. ГъазимухIамадовалъ, кIалъаял гьаруна налъи бецIиялда хурхун.

Гьенибго Хъ-М. ГIадухаликъовас учреждениял организациязул нухмалъулезул пикру буссинабула хадурккун налъаби лъугьине тункIутIиялде.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 45 (78040)
Хамиз
31 Октябрь
2024 сон



## ХIалуцараб хIаялъул къецал

Дагъистаналъул 52 муниципалитетаздаса спортсменал гIахьаллъараб, муфтияталъул кубокалъе гIоло тIобитIулеб, спортивияб тадбир букIана гьал къоязда Унсоколо росда гъоркь бугеб спорткомплексалда.

Щибаб командаялъ хIаракатаб къеркьей цадахъ гьабулеб гьеб тадбир лъугьана хIакъикъаталдаги къо хIехьей бихьизабулеб къеркьейлъун. Гьениб Унсоколо районалъул командаялъ волейбол хIаялъе Табасаран районалъул командаялда данде унго-унголъунги тIадегIанаб хIай бихьизабуна.

РакI-ракIалъ баркула Табасараналъул, Хунзахъ, Унсоколо районазул командабазда лъикIал хIасилал, цIа лъолеб хIай.

---

Украина

# ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪИЯВ БАХIАРЧИ



Буйнакск шагьаралда гIумру гьабун ругел Балахьуниса МухIамадов

ТIагьирилги ГIабдулаева Байгинатилги вас, 1997 соналда гьавурав МухIамадов МухIамадрасулие (документазда рекъон МухIамад) «Дагъистаналъул халкъияв бахIарчи» абураб хIурматияб цIар къеялъул рохалилаб хабар хехго тIибитIун ана Унсоколо районалъул росабалъ (хIукму 9.09.2024 с., номер 428).

МухIамадрасулица школалда цIалулеб заманалдаса байбихьун жигараб гIахьаллъи гьабулаан школалда ва Буйнакск шагьаралда тIоритIулел жамгIиял тадбиразулъ. Коо-перативнияб техникумалда цIалун лъугIун хадув хIалтIана налоговияб инспециялда бухгалтерлъун. Армиялда хъулухъги гьабун тIад вуссун хадув, 2021 соналда контракталда рекъон рагъулаб хъулухъ тIубазабулев гьев вукIаго, Россиялъул нухмалъиялъ Украинаялда байбихьана хасаб рагъулаб операция (СВО). Рагъул тIоцересел къоялдаса байбихьун жакъа къоялъги Россиялъул аскариязул къеразулъ вагъулев вуго МухIамадрасул. Гьев мустахIикълъана гIемерал шапакъатазе: улкаялъул президентасул, бат1и-бат1иял министеразул, Дагъистаналъул бетIерасул рахъалдасан гьесухъе рачIана Баркалаялъул кагътал, мелалъ «За воинскую доблесть» (приказ министра обороны РФ, 19.03.2023 г.), «Орден Святого Георгия 4 степени» (указ президента РФ, 31.07.2023 г.) руго цогидал шапакъаталги. ГIун бачIунеб гIелалъ мисал босизе рекъараб гIумру гьабулеб буго къоло анкьго сон гIумруялъул бугев МухIамадов МухIамадрасулица (МухIамадица). «Дагъистаналъул халкъияв бахIарчи»,- абураб цIар къуразда гьоркьов бищунго гIолохъанав МухIамадов МухIамадрасулие гьарула халатаб гIумруги чорхое щулияб сахлъиги. ГIемерлъаги Дагъистаналда гьадинал гIолилал!

## Балахьуниса МухIамадрасулиде

КIвахI тун хIалтIаразул хIурмат борхула,
ГIадамазда гьоркьоб къадру цIикIкIуна.
Мун Балахьуниса МухIамадрасул
Росдал цIар цIвабзахъе бахинабурав!

Буйнакск шагьаралъул техникумалда
Дуе диплом къуна бухгалтерасул.
ХIажалъи ккаразе кумекал гьарун,
Волонтерлъи хIана хIаракаталда.

Мун мухъилав солдат, Армиялдасан
ГIарадачиясул махщел щвана дуй.
Хадуб контрактги хъван, рагъухъанасул,
Махщел камиллъизе куцазе ана.

СВО байбихьун моцIал иналде,
Мун рагъулъ вукIана гIарадачилъун.
Реактивалъулаб дивизиялъул,
Мун «БМ-Градалъул» махщалил шофер.

Командировкаялъ Карабахалде,
РитIаразул къералъ къварун чIана мун.
Рагъул министерас ва президентас,
Дуй баркала къурал кагътал рачIана.

Дур хIаракаталъул хIасилги бихьун,
БахIарчи вугилан абуна дуда.
Дагъистан халкъалъул бахIарчиясул,
ЦIар бацIцIадго цIуне, МухIамадрасул!




МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ

---

Хасалихълъи

# Кьиндалил хаслъабазул тадбир



Районалъул Шамильхъала поселокалда бугеб «Солнышко» ясли-ахикь школалде хIадурлъиялъул группаялда гьал къоязда тIобитIана меседилаб хасалихълъиялде буссараб байрамалъулаб тадбир. Гьеб хIадурана тарбия кьолел чагIи ГI. Усаевалъ, Загьират МухIамадовалъ, гьезулго кумекчIужу О. ГIабдулатIиповалъгун цадахъ. Тадбиралъул аслияб мурад букIана тIабигIаталъул бищунго берцинаб заманаялъул хаслъаби лъималазда ричIчIизари. Гьелъие киналго къагIидабаздасан пайда босунги бугоан тадбир хIадурараз.

Лъималазда тIабигIияб гIумро бичIчIиялъе, гьелъул берцинлъи ва пайда гьазда лъаялъе, пайда босизе гьел ругьун гьариялъе гIемерал хIаял, конкурсал, суал-жавабал ругоан гьез хIалтIизарун.

Тадбир тIобитIулеб зал къачIан букIана тIабигIаталъул кьералги гьарун, берцинго, гьелъул бакънал ва тIабигIиял хаслъаби рихьизарун. Гьелъ цебе чIезабулел букIана гьайбатаб хасалихълъи. Берцинго къачIараб зал лъугьана тадбиралъун аслулъун; тIеренаб канлъи, тIабигIаталъул хIеренал, рекIелъе лъугьунел бакъналгун цадахъ сахаватго кьолеб кванил тIагIамаз, гьеб лъугьана щивасул рекIелъе.



Байрамалда лъималазе хIадурун бугоан гьуинаб ярмарка, гьенир рукIана гьаб заманаялъул киналго гьуинлъаби, щивас гьезул хIалбихьулеб букIана кIудияб разилъигун. Тадбир лъугьана лъималазе унго - унгояб хасалихълъиялъул байрамлъун.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 45 (78040)
Хамиз
31 Октябрь
2024 г



Садовод

Страница в номере

## ФНС России подготовила методические рекомендации по ведению бизнеса на УСН




Федеральная налоговая служба России подготови методичку для бизнеса на УСН. С 1 января 2025 года орг низации и индивидуальные предприниматели, прим няющие упрощенную систему налогообложения (УСН), становятся плательщиками налога на добавленную ст имость (НДС). Однако есть исключение: те, чей доход за 2024 год не превысил 60 млн рублей, освобождаются от этой обязанности. Это освобождение происходит автоматически, без необходимости подачи специального заявления в налоговую службу. Стоит отметить, что даже при применении УСН некоторые операции все равно подлежат обложению НДС, например, когда налогоплательщик выступает в качестве налогового агента или при ввозе товаров.

В методических рекомендациях также рассмотрены жизненные ситуации налогоплательщиков и алгоритм их действий в том или ином случае. Так, если в 2024 году доход предпринимателя не превысил 60 млн рублей, то с 1 января 2025 года он освобождается от уплаты НДС. Но если в течение следующего года его доход превысит эту отметку, то уже с первого числа следующего месяца он становится плательщиком НДС. Этот критерий в 60 млн рублей оценивается ежегодно.

Аналогичный подход применяется и к организациям и индивидуальным предпринимателям, которые будут созданы после 1 января 2025 года. Они освобождаются от уплаты НДС, пока их доход не превысит 60 млн рублей.

Что касается налоговой базы и ставок НДС, то общим правилом является, что объектом обложения НДС признаются операции по реализации товаров (работ, услуг) на территории РФ, а также передача имущественных прав. Налоговая база определяется как стоимость реализованных товаров, работ, услуг (с учетом акциза для подакцизных товаров). Налогоплательщик на УСН, обязанный платить НДС с 1 января 2025 года, может применять как общеустановленные ставки НДС (20%, 10%, 0%), так и специальные ставки 5% или 7%, в зависимости от полученного годового дохода.

## Конкурсный отбор проекта «Местные инициативы» на 2025 год пройдет по новым правилам

Конкурсный отбор проекта «Местные инициативы» на 2025 год пройдет по новым правилам.

Министерство экономики и территориального развития Республики Дагестан сообщает о внесении изменений в порядок проведения конкурсного отбора проектов местных инициатив.

С целью оказания дополнительной поддержки муниципальным образованиям с низким уровнем финансовой обеспеченности принято решение о проведении отдельного ранжирования. Из общего объема республиканской субсидии для этого будет предусмотрен определенный лимит средств.

Отметим, расчет уровня бюджетной обеспеченности муниципальных образований ежегодно проводится Министерством финансов РД в соответствии с Законом РД от 1 ноября 2005 года № 44 «О республиканском фонде финансовой поддержки муниципальных районов (городских округов, городского округа с внутригородским делением) Республики Дагестан» при формировании проекта регионального бюджета на очередной финансовый год и плановый период.

Изменения коснулись также количества проектов, которые могут быть признаны победителями конкурсного отбора от одного муниципального образования. Общее число их сокращено до пяти проектов при ранжировании на общих основаниях и до двух проектов при ранжировании муниципалитетов с низким уровнем бюджетной обеспеченности.

«Эти изменения обеспечат более широкий охват проектов-победителей и помогут повысить конкурентоспособность муниципальных образований с низким уровнем бюджетной обеспеченности. Новая методика отбора более справедливая», - прокомментировал внесение изменений министр экономики и территориального развития РД Гаджи Султанов.

## В Дагестане индексацию пенсий, работающих пенсионеров возобновят с 2025 г.




С 2025 года пенсии работающих пенсионеров в Дагестане будут индексироваться в соответствии с изменениями в федеральный закон о страховых пенсиях. Индексация будет проводиться так же, как и для неработающих пенсионеров, то есть ежегодно с учетом инфляции за предыдущий год.

Напомним, что с 2016 года пенсии работающих пенсионеров не индексировались. Все повышения учитывались на их лицевых счетах, и после увольнения они получали выплаты с учетам всех пропущенных индексаций.

«Согласно новым правилам все виды страховых пенсий, включая пенсии по инвалидности и по потере кормильца, будут индексироваться независимо от работы. При этом индексация будет производиться не к текущей пенсии, а к ее более высокому размеру, который включает пропущенные индексации за время работы. Это позволит обеспечить более значительное повышение выплат».

Например, если пенсия работающего пенсионера составляет 17400 рублей, а с учетам пропущенных индексаций за три года ее размер составляет 23400 рублей, то индексация будет рассчитана именно от 23400 рублей.

Возобновление индексации пенсий работающих пенсионеров в 2025 году пройдет автоматически. Никаких действий от граждан не требуется.

# ГIинкъилъиялъ гIумро къокълъизабула

**ВОЗалъул экспертазул бихьизабиялда рекъон 2050 соналде гIинкълъиялъул захIмалъабаз къварилъиялде ккезе рес буго ракьул шаралъул щивав ункъабилев чи. Щиб нилъее лъугьунеб бугеб? Кин пайда босилеб гьанжесеб бугеб техникаялдаса, кин цIунилел рагIи рагIулел органал? Гьелъул хIакъалъулъ бицунеб буго врач-оториноларинголок Виктория Руденкоца. Аслияб къагIидаялъ гьелъ тIад чIей гьабулеб буго наушникал хIалтIизариялда.**



БитIухъе бицани врачазе наушникал рокьуларо. Щайгурелъул борхизабун гьаракьги биччан, гIемерисел гIадамаз гьелдасан мекъи пайда босулеб буго. 70 децибалалде щвезегIан хъуй данде ккола чиясе. Амма гIолилаз ва цо-цо чIахIиязги нормаялдаса цIикIкIинабула гьаракь. ГIадан хъуй гIемераб бакIалда вугони, рагIи рагIиялъул органазе гьелдасан ккола кIицIулго кьаби.

ЦIакъго багьаял наушниказул хъуй гIодобе ккезабиги лъикIаб букIуна, гьелъ дагъабго къадаралъ гIодобе ккезабула кьолеб зарал. Амма гIемер заманаялъ кинал рукIаниги наушниказ гIенеккиялъ зарал кьечIого толаро.

Наушниказдасаги цIикIкIараб зарал рагIи рагIиялъул органазе кьуна ковидалъ ва цогидалги вирусазулал инфекцияз.

Гьелдаса хадуб гIемерго цIикIкIана рагIи рагIиялъе зарал ккарал гIадамал. Цере рукIарал квачалъул унтабаз гьелъ гIадинаб зарал кьолароан. Бихьулеб букIахъе коронавирусалъ зарал кьолеб буго рагIи рагIиялъул органазе-гуребги, гьелъул бидурихьазеги. Гьелъ лъугьинарулел руго микротромбаби. РагIи-рагIиялъе зарал гьабула антибиотикал гIемер хIалтIизариялъги.

**Кин цIунилел гIундузе кколеб заралалдаса?**

Цо бугони нужго нужецаго сах гьаризе лъугьунге ва щибаб гIахьадиялдаса хадуб антибиотикал гьекъоге. ГIемер гьекъоге кинал рукIаниги унти секьизабулел дараби. Антибиотикал гьекъон хадур нужер рагIи рагIиялъе лъалеб зарал ккун бугони, нахъ бихьичIого врачасухъе а. Хехго сах гьабунагIан рагIи рагIиялъул иш рукIалиде ккезабизе кIола.

ГIемерал гIаллаби руго рагIи рагIиялъе зарал кьеялъул. Гьелъие зарал гьабула сахаралъулаб диабеталъ, цIикIкIараб заманаялъ антибиотикал хIалтIизариялъ, гIемераб заманаялъ хъуй-цIаялда гьоркьор рукIиналъ. Гьеб гуребги 60 сонил гIумроялда нахъе ккезе лъугьуна рагIиялъул хIал. Аби буго рагIи рагIиялъул захIматалъабаз гIумро къокълъулингицин. ГIемер хал бахъиние течIого заманалда лорасухъе ани, сабаб камуларо.

# Рекlелгъеялъе цIале

### Малла Насрудинги мадугьалги



Сордо рогьинегIан мадугьал хъегIулевги рагIун, радал гьесухъе ваккизе щванила Малла Насрудин.

- Дуе лъугьараб щиб, цощина унтунцин гурищ мун вугев,-ян кIалъанила мадугьаласдехун гьав.

Мадугьалги вукIанила кIудияв махсарочи ва гьес жаваб кьунила:

- Нолъ кьижулелъул гьакIкIан хутIараб кIалдисан ургьибе ун батана гIункIкI. Гьеб къватIибе бачIинародай,-ян абун хъегIулев вукIана,-ян.

- Гьеб бигьаяб иш бугин абуна Насрудиница: гьанжесала кето къулчIе, жибго къватIибе тIурун бачIине буго гьеб магIлунаб гIункIкI.

### Бикъараб тIагъур

Цо нухалъ цояс Малла Насрудинил тIагъур бикъун буго. ЦохIо бугеб тIагъур бикъун ин Малла Насрудиние цIакъ захIмалъун буго. Ахирги гьес гIакIа ахIун буго, хехлъи гьабун жиндир тIагъур нахъе кьечIони, жинца ракIалде ккараб жо гьабизе бугилан.

Бикъарав хIинкъун вуго ва хехлъи гьабун тIагъур нахъе кьун буго. Малла Насрудинги гIодове ваччан вуго.

Цинги Маллада гьикъун буго:Щиб гьабизе дуда ракIалда букIараб!-абун.

- Щиб дица гьабилеб, гьаб тIагъур гьабулаго нахъе хутIарал кескал рукIана, гьезул цIияб тIагъур гьабилаан,- абун.

### Мунагьал чурадги,мунги дунги



Малла Насрудиница ячун йикIун йиго рос хварай къоролай. Лъадул гIадатлъун лъугьун букIарабила «мунагьал чурадица гьадин абулаан,.. мунагьал чурадица додин бицунаан»,- абун ккара-тараб бицунеб. Росасе гьеб рекIее гIолеб букIинчIила.

Цо сордоялъ бусадаги лъадуца добго «мунагьал чурадица» абун байбихьулаго бан малгун лъади гьес бусадаса гъоркье реханила.

- Валалай! Дуца гьабулеб щиб?,-абун ахIданила гьей.

- Дица щибниги гьабулеб гьечIо, мунагьал чурадги, мунги,дунги,бусада къварилъун, мун гъоркье йортун ятилаха,-ян хьибил хисанила Маллаца.

# Международный день школьных библиотек

Международный день школьных библиотек, который напоминает нам о том, что знание и образование являются одними из самых ценных сокровищ в нашей жизни.

Этот праздник был введен в международный календарь по инициативе ЮНЕСКО на рубеже тысячелетий – в 1999 году, и с тех пор он твердо укрепился в обществе. В России это событие впервые отпраздновали в 2008 году, и с тех пор каждый год в четвертый понедельник октября раздаются поздравления в адрес школьных библиотекарей.

Библиотеки формируют основу для развития критического мышления и интеллектуального роста учащихся. Они предоставляют возможность детям узнать мир через страницы книг, расширяя их кругозор и вдохновляя на новые свершения. Ведь чтение развивает воображение, учит концентрации и погружает в созидательный процесс, который формирует личность. Таким образом, школьная библиотека становится своего рода стартовой площадкой для будущих исследователей, писателей, ученых и мечтателей.

Поздравляем всех школьных библиотекарей с этим значимым днем! Желаем вам здоровья, радости, доброты, новых поколений вдумчивых, умных читателей и признания вашего труда.


**Газета основана 1937 г.**
**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**
**Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940**

**Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21 Подписано в печать - 31. 10. 24 г. 15. 30 фактически -17. 00 мин.**
**......................................**
**Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1002 экз.**